



Pou Piblikasyon Imedya: 20/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE KANPAY POU BANI PWODUI VAPOTAJ NIKOTIN KI GEN AWÒM YO EPI LIMITE PIBLISITE SOU VAPOTAJ KI VIZE JÈNÈS LA**

*Pwopozisyon bidjè Gouvènè a gen ladan lejislasyon k'ap otorize Depatman Sante a pou entèdi kèk lwil sipò yo itilize nan pwodwi vapotaj yo ke yo te konekte ak maladi ki an rapò ak vapotaj yo*

*Nouvo mezi a ta entèdi tou lavant sigarèt elektwonik anliy, nan telefòn ak pa lapòs*

*Lanse nouvo hashtag #NoVapeNY, ki se [petisyon](#) ak nouvo [sit entènèt](#) pou ankouraje Nouyòkè yo moutre sipò yo pou [lejislasyon anti-fimen ak anti-vapotaj la](#)*

*Pwopozisyon yo fonde sou mezi agresif Gouvènè a pou pwoteje Nouyòkè yo anba danje vapotaj ak fimen*

Gouvènè Andrew M. Cuomo, ki te antoure ak lidè nasyonal yo nan batay pou konbat vapotaj, te lanse yon nouvo kanpay pou entèdi tout pwodwi vapotaj nikotin ki gen awòm yo, ki gen ladan awòm mantò yo, ak limite piblisite vapotaj ki vize jènès la nan Bidjè yo Adopte ane sa a. Lejislasyon pwopoze Gouvènè a ta otorize Depatman Sante (Department of Health) Eta a pou li kontwole lavant lwil sipò pwodwi vapotaj yo ke yo konsidere kòm yon risk pou sante piblik. Lejislasyon an ta entèdi tou lavant sigarèt elektwonik anliy, atravè telefòn ak lapòs; yo ta pèmèt sèlman detayan ki anrejistre yo achte sigarèt elektwonik nan itilize metòd sa yo. Kanpay la gen ladan yon nouvo hashtag - #NoVapeNY - ansanm ak yon [petisyon](#) kote Nouyòkè yo kapab montre sipò yo pou lejislasyon an ak yon nouvo sit entènèt - [ny.gov/endvaping](http://ny.gov/endvaping) - ki gen plis enfòmasyon sou pwopozisyon yo.

"Danje ki genyen nan vapotaj ak nan pwodwi sigarèt elektwonik ki gen awòm yo ap vin pi evidan chak jou pi plis, epi li ta yon trajedi si efò kouwòne ak siksè nou yo pou konbat endistri tabak yo te ranvèse akòz nou pèmèt endistri vapotaj la genyen nouvo jenerasyon toutantye ki atache ak pwodwi pa yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sa a se yon fleo nan eta ak nan nasyon nou an: si pwodwi chimik sa yo pa touye ou, ou pral reyalize ke ou adikte a nikotin. New York ap dirije nasyon an nan konfwonte nouvo epidemi mòtèl sa a, epi ane sa a nou pral kontinye dirije nan entèdi pwodwi sigarèt elektwonik ak piblisite sou vapotaj ki vize jènès la, k'ap ede kenbe timoun nou yo an sekirite ak anpeche yo rive nan stad adiksyon ki pa bon pou sante ak pou tout dire lavi yo."

Pwopozisyon an fonde sou mezi agresif Gouvènè a pou pwoteje Nouyòkè yo anba danje vapotaj ak fimèn. An 2017, Gouvènè Cuomo te elaji Lwa Lè Pwòp Anndan an (Clean Indoor Air Act) pou entèdi itilizasyon sigarèt elektwonik nan prèske tout espas travay pou pwoteje anplwaye ak piblik lan kont lafimen tabak lòt moun ak ayewosòl sigarèt elektwonik yo ki danjere yo. An 2019, yo te egzije detayan likid elektwonik yo anrejistre nan Depatman Taksasyon ak Finans (Department of Taxation and Finance, DTF) lan epi yo pral enpoze yon 20 pousan sou lavant likid elektwonik yo. Nan mwa jen 2019 la, Gouvènè Cuomo te siyen lejislasyon pou ogmante laj vant minimòm pou tabak ak pwodwi sigarèt elektwonik la soti 18 ak 21 ane, lwa a te antre an vigè 13 novanm 2019 la.

Gouvènè Cuomo pran aksyon tou pou entèdi vant sigarèt elektwonik ki gen awòm nan New York; avèti Nouyòkè yo kont itilizasyon sigarèt elektwonik; mande Depatman Sante Eta New York envestige konpayi ki pwodui sibstans vapotaj yo; egzije magazen sigarèt ak vapotaj yo pou afiche avètisman k'ap konseye Nouyòkè yo sou risk sante ki genyen nan sigarèt ak likid elektwonik - anatanndan ke gouvènman federal la pa pran mezi efikas pou kontwole sigarèt elektwonik; epi li mande Lapolis Eta a ak DOH pou fè patenarya imedyatman pou ranfòse efò aplikasyon lalwa kont detayan yo ki vann bay minè yo

Soti 2014 jiska 2018, itilizasyon jènès la fè nan sigarèt elektwonik nikotin ogmante a 160 pousan. Prèske 40 pousan elèv ki nan 12yèm ane ak 27 pousan elèv ki nan lekòl segondè ap itilize sigarèt elektwonik yo kounye a. Likid elektwonik yo se estrateji maketing prensipal nan endistri vapotaj la. Youn sou senk jèn kwè ke sigarèt elektwonik nikotin yo alafwa pa koze domaj ak rann moun adikte.

### **Entèdi lavant pwodwi vapotaj nikotin ki gen awòm**

Gouvènè a te entwodwi lejislasyon ki entèdi lavant pwodwi vapotaj nikotin ki gen awòm yo, gen ladan mantòl — yon ekstansyon efò kontini Eta a pou redwi itilizasyon ni tabak ak pwodwi vapotaj pami jènès la. Avèk entèdiksyon sa a New York kontinye mennen atak la pou limite itilizasyon awomatizasyon yo nan tout pwodwi vapotaj yo epi bay sipò enpòtan ak kominote lokal yo ki ap lite kont epidemi ki ap devlope sa a.

### **Limite piblisite sou vapotaj ki jible Jenès la**

Lejislasyon Gouvènè a pral limite tout piblisite ki gen rapò ak vapotaj ki sible jenès la, gen ladan yo ki nan fòm ki plis tradisyonèl pou fè piblisite tankou jounal ak revyi yo, ansanm ak fòm dijital nan peryodik yo, medya sosyal ak sitwèb yo ki gen oditwa jèn ki siyifikatif. Yo pa pral pèmèt konpayi piblisite yo fè deklarasyon konsènan sekirite pwodwi vapotaj oswa lanse pwodwi vapotaj yo tankou opsyon pou abandon fimèn yo san apwobasyon Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) a.

### **Entèdi lwil sipò yo pa reglemante ki danjere yo**

Aprè kantite alaman ospitalizasyon ak lanmò ki enplike pasyan ki te genyen yon istwa konsènan itilizasyon sigarèt elektwonik oswa pwodwi vapotaj, yo te idantifye asetat Vitamin E — ke yo itilize pafwa kòm yon dilyan likid elektwonik — kòm yon pwodwi chimik ki bay preyokipasyon. Pou reponn rapidman ak pwoliferasyon pwodwi chimik danjere, ke yo pa teste epi ke yo pa reglemante sa yo ke yo itilize nan pwodwi vapotaj yo, Gouvènè a pral fè avanse tou lejislasyon pou responsabilize Depatman Sante a

pou entèdi lavant lwil sipò vapotaj yo ki gen ladan yo pwodwi chimik oswa engredyan yo estime ki danjere epi ki se yon risk sante piblik siyifikatif lè yo enspire yo atravè yon aparèy vapotaj.

### **Limite lavant pwodwi vapotaj yo anliy**

Lavant aktyèl likid elektwonik ak sigarèt elektwonik yo anliy, nan telefòn ak pa lapòs pèmèt jèn minè yo achte pwodwi ilegal yo epi kontoune taks sou lavant. Poutèt sa, Gouvènè a pral fè avanse lejislasyon ki limite lavant likid elektwonik ak sigarèt elektwonik anliy, nan telefòn ak pa lapòs sèlman bay detayan pwodwi vapotaj ki gen lisans yo. Yo ta pral pèmèt sèlman detayan ki anrejistre yo achte sigarèt elektwonik yo nan itilize metòd sa yo. Restriksyon sa a, ki deja aplike ak lavant pwodwi tabak konvansyonèl yo, pral ede frennen lavant ilegal pwodwi vapotaj danjere yo bay achtè ki minè yo.

### **Mete fen a vant pwodwi tabak ak sigarèt elektronik nan famasi**

Antite ki travay nan zafè swen sante yo pa dwe nan biznis vant tabako, ki se koz prensipal lanmò evitab nan Eta New York. Mete fen a vant pwodwi tabak ak sigarèt elektronik nan famasi pral ede redwi disponiblite, viziblite ak akseptans sosyal itilizasyon tabak, espesyalman pou adolesan.

### **Entèdi itilizasyon kupon pou pwodwi tabak ak nikotin yo**

Rechèch endike ke pri pwodwi tabak la etwatman lye ak predominans, sitou pami jèn ki prèske de fwa plis "sansib a pri" pase adilt yo. Kòm rezilta, New York gen pi gwo taks aksiz eta a sou sigarèt yo epi li se youn nan eta ki gen pousantaj jèn ki fimen ki pi ba nan peyi a. Men endistri tabak la tou konplètman okouran de efè pri sou to fimen epi investi prèske 85% nan plis pase bidjè maketing anyèl li a ki evalye a 9 milya dola nan pwomosyon ki gen pou wè ak diminisyon pri ki gen ladan kupon pou konsomatè dirèk yo ak rabè nan magazen. Rabè sa yo afebli enpak sante piblik taks New York la, entèdi kupon ak rabè ta elimine yon sous enpòtan nan manipilasyon pri endistri a.

**Abe Baker-Butler, ko-fondatè Students Against Nicotine te deklare** "Students Against Nicotine (Elèv Kont Nikotin) bat bravo pou gwo seri pwopozisyon politik Gouvènè Cuomo pou mete fen nan epidemi sigarèt elektwonik jèn timoun yo. Nou konstate zanmi nou yo vin adikte ak aparèy vapotaj ak efè sante terib ak yon varyete konpozan chimik danjere, e nou konstate konpayi sigarèt elektwonik yo fè apèl dirèkteman ak kamarad klas nou yo ak awoma fantezi ak lòt metòd maketing mansonjè pandan anpil ane. Soti nan entèdiksyon awoma pase nan restriksyon maketing rive nan mekanis ranfòsman ki pi fò, pwopozisyon sa a pral kontribiye anpil nan anpeche jèn itilize sigarèt elektwonik yo, konbat adiksyon, ak pwoteje sante piblik jenerasyon nou an pou ane kap vini yo. Nou fyè dèske nou travay avèk Gouvènè a sou devlopman pwopozisyon sa yo, epi nou ap tann ak enpasyans pou kontinye defans sa a ak lejislatè NYS yo".

**Matthew L. Myers, Prezidan Campaign for Tobacco-Free Kids, te deklare,** "Gouvènè Cuomo kontinye rete yon lidè nan batay kont tabak ak pou timoun yo. Pwopozisyon pou mete fen nan lavant tout sigarèt elektwonik aromatize se yon etap dramatik ak nesèsè pou mete fen nan epidemi sigarèt elektwonik pou jèn yo ki menase ranvèse deseni pwogrè ke New York fè nan konbat itilizasyon tabak. Pasaj lejislasyon sa a pral yon gwo viktwa pou timoun New York yo epi li pral pwoteje yo kont adiksyon

nikotin ak lòt risk sante ki asosye avèk itilizasyon sigarèt elektwonikyo. Nou pa ka tann pou nou travay avèk Gouvènè Cuomo ak lòt lidè eta pou adopte lejislasyon istorik sa a".

**Mary Ruth Buchness, MD, Prezidan, New York County Medical Society a, te deklare,** "Kominote doktè yo nan New York bat bravo pou Gouvènè Andrew Cuomo paske li pran mezi pou elimine pwodui vapotaj nan kontèks bidjè New York la. Pwodui tankou 'Cotton Candy' ak 'Captain Crunch' yo evidamman vize pou pran tèt jèn yo pou yo itilize sigarèt elektwonik yo epi yo pa ta dwe disponib pou jènès nou an. Pandan n'ap eseye frennen kriz sante piblik sa a k'ap grandi nan New York, Sosyete Medikal Eta New York (Medical Society of the State of New York) sipòte konplètman entèdiksyon sou tout sigarèt elektwonik awomatize yo. Sante timoun nou yo an danje".

**Sarah Ravenhall, Direktè Egzekitif nan New York State Association of County Health Officials, te deklare,** "58 depatman sante lokal Eta New York yo se premye liy defans nan batay kont maladi ki gen rapò ak tabak. Chak jou nou wè enpak dezastre pwodwi tabajis yo fè sou kominote nou yo. Pwopozisyon radikal Gouvènè Cuomo a se yon etap enpòtan ki pral sove lavi ak anpeche plizyè milye maladi afeblisan. Nou sipòte plan li an ak anpil antouzyas epi nou mande lejislati a pou li fè vin yon lwa rapidman".

**Lorey A. Zaman, prezidan NYS PTA a te deklare,** "Nou fyè pou nou sipòte konplètman pwopozisyon Gouvènè a pou entèdi vant sigarèt elektwonik ak likid elektwonik awomatize yo. Dapre Depatman Sante Eta New York, prèske 40 pousan elèv 12yèm ane ak 27 pousan nan tout elèv lekòl segondè NYS yo ap itilize sigarèt elektwonik yo kounye a epi lekòl segondè NYS itilize vapotaj jodi a 160 pousan pi wo pase sa li te ye an 2014".

**Direktè Egzekitif NYS PTA a, Kyle Belokopitsky, te deklare,** "Èske w te konnen ke sigarèt elektwonik yo disponib yon fason chokan nan plis pase 15,000 fwi ak bonbon ki gen awòm? Likid elektwonik ki gen awòm tankou bonbon ki gen fòm lous ak bonbon koton yo entansyonèlman vize timoun ak jèn yo. Timoun nou yo pa konprann malè vapotaj la, yo pa konprann maladi poumon yo fè fas yo pandan tout dire vi yo, ni risk kansè yo, e yo pa konprann risk lanmò, wi lanmò akoz vapotaj".

**Elie Ward, MSW, direktè politik & defansè pou Akademi Ameriken pou Pedyatri nan Eta New York (New York State American Academy of Pediatrics, NYSAAP), te deklare,** "Pedyat New York yo vle wè NYS entèdi tout pwodui tabak awomatize yo, kòmanse ak tout pwodwi vapotaj aromatize yo. Pwodwi ki odela JUUL yo deja pi popilè nan mitan jèn yo pase pwodwi sigarèt elektwonik orijinal yo ke piblik la konnen. Ekspansyon rapid ak san regleman pwodwi vapotaj aromatize yo ogmante danje pou timoun ak adolesan ki pi piti yo. Pedyat nou yo ap konstate jèn timoun ki gen 12 zan ki deja adikte ak tabak. Adiksyon yo remonte dirèkteman avèk itilizasyon pwodwi vapotaj aromatize yo. NYSAAP sipòte yon ansanm inisyativ konplè sou kontwòl tabak ki pwopoze nan pake Gouvènè a, ki gen ladan entèdiksyon sou pwodui ki gen awòm, limit kote yo ka vann pwodui tabak yo, fason yo ka fè piblisite ak tout lòt limit legal sou tout pwodui tabak aromatize yo. Nou ankouraje Gouvènè a ak lejislati a pou yo travay ansanm epi dakò pou yo pase, epi siyen lejislasyon an pou entèdi tout pwodwi vapotaj aromatize yo kounye a. Timoun ak adolesan nan New York yo bezwen èd nou kounye a pou mete fen nan epidemi adiksyon tabak awomatize a".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)